


Sipòte lang ak alfabetizasyon

6 an: Sipòte ladrès fonetik lakay

Pandan timoun yo ap avanse kòm lektè, yo bezwen kapab melanje lèt ak son yo san yo pa bloke sou mo yo. Ou ka ede pitit ou vin yon lektè ki gen konfyans lè ou ede li konprann relasyon ki genyen ant lèt ak son yo.

Konsèy ak Aktivite



Koute pitit ou lè li ap li awotvwa chak jou. Si li gen difikilte ak yon mo, ede li pwononse mo a. Si li poko rive di l byen menm aprè sa, di li mo a pou li pa dekouraje.

Retounen sou liv li abitye avè yo pou ranfòse konfyans pitit ou lè li ap li awotvwa.



Enplike pitit ou nan konvèsasyon sou jan jounen l te pase oswa sou plan l pou lavni. Ou ka fè sa nenpòt kote, pa egzanp nan machin nan, pandan w ap mache, oswa nan magazen an.



Envite pitit ou poze kesyon sou bagay li rankontre nan lekòl la, sou televizyon, oswa nan yon konvèsasyon.



Poze kesyon ki gide pitit ou pou ede li eksplòre lang lan, pa egzanp. 'Poukisa li se pi bon zanmi ou? Èske li janti oswa komik?'

Etap tipik langaj



Konnen epi aplike relasyon ki genyen ant son ak lèt pou li dekode mo ki koresponn ak nivo klas li

Pale ak fraz ki konplè epi sèvi ak bon estrikti fraz

Poze kesyon epi reponn yo pou ranmase plis enfòmasyon

Sèvi ak mo ak fraz li aprann nan liv

Eksprime lide ak santiman li klèman

Deteksyon bonè se entèvansyon

Pitit ou ap aprann tout tan! Antanke moun k ap pran swen, ou gen yon bèl okazyon pou gide yo sou yon chimen ki mennen nan siksè.

.....



Si ou remake pitit ou gen difikilte ak yon ladrès, li pa rive atenn plizyè etap enpòtan, oswa si ou santi gen yon bagay ki pa twò nòmal, **pale ak founisè swen sante pitit ou a.**

Kèk konsèy pou ede ou menm ak pitit ou reyisi lè w ap pale ak founisè swen sante li a:

**Kenbe
yon
journal**

Ekri bagay ou remake pitit ou ap fè, oswa li pa fè, ki fè ou santi ou enkyete.

**Sèvi ak
resous
ou yo**

Eksplòre sitwèb ki nan lis pi ba yo pou jwenn lis etap enpòtan yo, lis siy avètisman bonè, videyo, ak plis ankò.

**Fè
entwisyon
ou
konfyans**

Se ou ki pi byen konnen pitit ou e ou se pi bon moun ki ka defann li. Pa pè pran lapawòl.

Lòt resous

[Harvard University: Center on the Developing Child](#)

[The Lexile Framework for Reading](#)

[Sesame Workshop](#)

[Pathways: Kominikasyon](#)

[Reading Rockets](#)